



OFFICE OF ADMINISTRATIVE TRIALS AND HEARINGS

Help Center

SÈTIFIKA KOREKSYON

Si ou te resevwa yon konvokasyon nan men Depatman Batiman yo ("DOB") epi **"te admì"** ladan l, yo te jwenn ou **"An Vyolasyon/Pa Defo,"** oubyen **te dakò yon estipilasyon** - Ou **dwe** soumèt yon Pake Sètifika Koreksyon bay DOB oubyen ou kapab resevwa **plis** konvokasyon!

Konvokasyon ou an genyen yon òdonans ki li: **"Òdonans Komisè ki Vize Koriye Kondisyon Vyolasyon/mezi korektif la."** Sa se yon **ÒDONANS pou OU**, moun lan oubyen konpayi ki gen non li nan konvokasyon an.

PEYE SANTANS LAN PA VLE DI KE RESPONSABILITE OU YO FINI.

Ou dwe toujou 1) rezoud pwoblèm lan(yo) ki te lakòz ou resevwa konvokasyon an, 2) soumèt yon pake koreksyon bay DOB a **epi** 3) fè DOB a apwouve koreksyon yo.

OU TA DWE KÒMANSE KORIJE VYOLASYON YO DEPI OU RESEVWA KONVOKASYON AN(YO)! SA PA ENPÒTAN A KILÈ ODYANS OU AN AP YE!

SÈL moman ou PA oblije soumèt yon pake koreksyon se si yo rejte konvokasyon w lan apre yon Odyans OATH. Sepandan, ou ka toujou oblije fè koreksyon pou evite lòt konvokasyon alavni.

Si yo (1) jwenn ou an vyolasyon/an defo; (2) ou admèt yon vyolasyon; oubyen (3) ou aksepte yon estipilasyon epi (4) ou PA soumèt yon Sètifika Koreksyon, DOB a ka kontinye ba ou plis konvokasyon pou ou pa depoze yon Sètifika Koreksyon bay DOB a.

Yo kapab kalifye vyolasyon yo swa 1ye, 2èm oubyen 3èm "klas". Nati vyolasyon yo repwoche a endike sou konvokasyon an.

- Klas 1 – Ou dwe Koriye **Imedyatman**
- 2èm ak 3èm klas – Ou dwe Koriye **nan espas 40 jou**

Etap 1:

Jwenn yon **pake Sètifika Koreksyon nan men yon reprezantan Sant Asistans OATH** oubyen vizite <https://www.nyc.gov/site/buildings/safety/oath-summons.page> pou jwenn fòmilè nesesè yo (AEU2, AEU3321ak/oubyen AEU20).

Etap 2:

Ranpli tout paj ki gen ladan l paj "AFIDAVIT" la. Gen ladan l yon *deklarasyon notarize* sou KÒMAN pwoblèm lan (yo) te rezoud, KILÈ pwoblèm lan(yo) te rezoud, ak KILÈS ki te rezoud li. Sa gen ladan l nenpòt prèv ke ou genyen.

- Itilize nenpòt "Enstriksyon" ki gen ladan l fòmilè ou yo kòm yon gid.

Etap 3:

Fè moun ki rezoud pwoblèm lan(yo) *ranpli epi notarize* paj "Deklarasyon An Sipò Sètifika Koreksyon an".

- Itilize nenpòt "Enstriksyon" ki gen ladan l fòmilè ou yo kòm yon gid.

Etap 4:

Kreye oubyen itilize yon Kont eFiling pou konekte sou DOB NOW nan www.nyc.gov/dobnow epi seleksyone pòtay anliy BIS la. Si ou bezwen kreye yon kont eFiling, vizite www.nyc.gov/DOBNOWtips. Sou pòtay anliy DOB NOW BIS la, antre chan ki obligatwa yo, tankou nimewo Konvokasyon an, epi òplod tout fòmilè ki nesesè yo ak tout lòt dokiman ki obligatwa. Soumèt dokiman ou yo pou revizyon pa Inite Aplikasyon Administratif DOB a.

TANPRI NOTE: Sètifika Koreksyon ou an **PA KONPLETE** jiskaske li **APWOUVE** pa DOB.

Si ou Bezwen Plis Èd, Tanpri Kontakte OATH Help Center An Pèsòn Nan Nenpòt Lokal OATH, depi nan Lendi rive nan Vandredi, Apati de 8 AM pou 5 PM, Pa Telefòn Nan (212) 436-0845, Oswa Pa Imèl Nan Manhelpcenter@oath.nyc.gov.

Bronx
260 E.161st Street, 6th FL
Bronx, NY 10451

Brooklyn
9 Bond Street, 7th FL
Brooklyn, NY 11201

Manhattan
66 John Street, 10th FL
New York, NY 10038

Queens
31-00 47th Avenue, 3rd FL
Long Island City, NY 11101

Staten Island
350 St. Marks Place, Main FL
Staten Island, NY 10301